



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE LÈT LI VOYE BAY PREZIDAN SOUKOMITE SOU ENÈJI AK RESOUS MINERAL LACHANM LAN KOTE L OPOZE A LEJISLASYON POU PÈMÈT NOUVO FORAJ OLAJ ZÒN KOT YO

Gouvènè Cuomo: “Zòn Kotyè New York yo pa pou vann!”

Jodi a, Gouvènè Cuomo [te pibliye yon lèt](#) li voye bay Reprezantan Paul Gosar, ki se Prezidan Soukomite sou Enèji ak Resous Mineral Lachanm lan (House Subcommittee on Energy and Mineral Resources) avan [odyans](#) k ap fèt jedi a sou Lwa sou Amelyorasyon Fason Eta yo Jere Tèren ak Dlo Federal yo (Enhancing State Management of Federal Lands and Waters Act). Nan lèt la, Gouvènè a ekri ke Lwa a, ki ta egzije pou eta yo peye gouvènman federal la pou yo ka pwoteje zòn kot yo kont foraj olaj zòn kot yo, tabli yon “presedan danjre, flagran epi ki kontrè a etik”.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

Onorab Paul Gosar
Prezidan
Soukomite sou Enèji ak Resous Mineral la
Chanm Reprezantan Etazini an
1324 Longworth House Office Building
Washington, D.C. 20515

Chè Prezidan Gosar:

Zòn kotyè New York yo PA POU VANN!

Mwen ekri w pou mwen fèmeman opoze a Lwa sou Amelyorasyon Fason Eta yo Jere Tèren ak Dlo Federal yo. Byenke pwojè-lwa souzantann ke eta yo pral gen plis lavwa ochapit nan kijan yo jere resous kotyè yo, sa pa plis pase yon lòt atak finansye ak ekonomik Washington pwopoze pou yo enpoze sou New York. Sa k ap kreye an fèt yon sistèm ekstòsyon federal ki egzije eta yo peye gouvènman federal la pou privilèj pou yo pwoteje pwòp resous kotyè yo kont foraj olaj zòn kot yo a se yon nivo ba-fon, menm pou Kongrè Repibliken sa a.

Nan New York, nou opoze a nenpòt plan pou fè etid, oswa fore pou petwòl ak gaz olaj zòn kot nou yo. Foraj olaj zòn kot yo poze yon risk inakseptab pou resous kotyè nou yo

ak pou ekonomi nou an, epi enterè gouvènman federal la gen nan foraj la montre yon inyorans total pou lasyans, reyalite, ak istwa. Egzije eta yo pou yo peye gouvènman federal la pou l pwoteje yo kont move politik se yon presedan danjre, flagran, epi ki kontrè a etik. Sa ki menm plis dekonsètan ankò, lejislasyon an pa eklèsi si peman eta yo ap fè yo ap konstitiye yon renonsiyasyon dwa eta yo. Toutotan se mwen ki Gouvènè, New York pap janm sede a otorite pou l konteste aksyon foraj petwòl olaj zòn kot yo nan tribinial.

Lejislasyon sa a baze sou premis ki di ke resous kotyè nou yo gen valè sèlman pou pwodiksyon petwòl ak gaz. Sipozisyon sa a pa fè okenn sans. Nan New York, lè nou konpare yo, revni petwòl ak gaz pa ka wè nan pye revni ekonomi oseyanik nou an, ki se twazyèm pi gran ekonomi nan nasyon an. An gwo, ekonomi oseyanik New York la jenere anviwon 11 milya dola nan salè, epi li kontribiye 23 milya dola nan pwodwi enteryè bri epi li sipòte 320,000 djòb. Rejyon kotyè nou an gen yon popilasyon 11.4 milyon moun, pi gran pò ki gen sou litoral oseyan Atlantik la ak endistri touris ak lapèch ki vo anpil milya dola. Yon gran devèsman petwòl ka mete non sèlman ekonomi kotyè New York la an danje, menm ekonomi nasyonal la tou.

Pwojè-lwa sa ap destabilize tou angajman anbisye New York pran anvè enèji renouvlab ak ekonomi enèji pwòp la, ki gen ladan devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot yo. Nan New York, nou te lanse yon envestisman 1.4 milya dola lidè nan nasyon an ki dedye a pwojè enèji renouvlab olaj zòn kot yo epi nou te pibliye yon plan pou devlope 2,400 megawat pwodiksyon enèji ewolyèn olaj zòn kot yo apati 2030. Nou te fè vanse pwojè-lwa Sove Dlo nou yo (Save Our Waters Bill) nan Lejislati Eta New York la pou pwoteje kominote kotyè eta a yo kont pwopozisyon danjre ki depase lèbòn gouvènman federal la ap pran pou yo ouvri dlo sa yo pou eksplwatasyon petwòl ak gaz. Mwen ap vivman rekòmande nou pou nou abandone mezi lejislativ san presedan danjre sa a.

Sensè Salitasyon,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

CC:

Lidè Minorite Sena a Charles E. Schumer

Senatè Kirsten E. Gillibrand

Reprezantan Nydia M. Velázquez, nan Komite sou Resous Natirèl ak Soukomite sou Enèji ak Resous Mineral Lachanm lan

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)